



Pou Piblikasyon Imedya: 23/05/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ASÈMANTASYON ANTONIO DELGADO KÒM GOUVÈNÈ ADJWEN 25 ME

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Reprezantan Antonio Delgado pral prete sèman kòm Gouvènè Adjwen mèkredi 25 me. Apre demisyon Reprezantan Delgado nan Kongrè a, Gouvènè Hochul pral swiv pwosesis ki etabli pa lalwa a epi pibliye yon pwoklamasyon ki deklare yon eleksyon espesyal ki pral ann akò ak dat eleksyon an out ki fèk fikse a.

"Antonio Delgado se yon lidè fenomenal ak yon fonksyonè piblik ki gen yon rekò pou fè avanse bagay pou Nouyòkè yo, epi li pral sèvi kòm yon patnè konfyans kòm Gouvènè Adjwen New York", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen pa ka tann pou mwen travay ansanm sou pwoblèm enpòtan ki gen ladan edikasyon, lojman abòdab, devlopman ekonomik ak enfrastrikti, epi eksperyans li nan Washington pral fè li yon lyezon kle nan Delegasyon Kongrè nou an. Mwen rekonesan anè lidè majorite a Andrea Stewart-Cousins pou sèvis li pandan tranzisyon an ak pou patenarya kontinyèl nou an."

"Se yon onè pou mwen te sèvi nan Kongrè a, bay rezilta ak batay pou elektè yo nan 19èm Distri a. Kounye a, mwen pare pou mwen mete ane eksperyans ak kapasite mwen yo pou konekte moun ak travay pou tout Eta New York", **Gouvènè Adjwen yo Deziyen an Antonio Delgado, te deklare.** "New York bezwen yon lidè ki gen eksperyans ak yon istwa nan fè bagay yo reyalize. Mwen plis ke pare pou mwen jwe wòl sa a kòm Gouvènè Adjwen epi travay san pran souf, chak jou, pou amelyore lavi Nouyòkè yo."

Reprezantan Delgado, yon natif natal New York, te grandi nan Schenectady ak viv nan Rhinebeck avèk madanm li, Lacey, ak pitit gason jimo uit ane li yo, Maxwell ak Coltrane. Li te patisipe nan Colgate University epi te genyen yon Bous Detid Rhodes pou Oxford. Apresa, li te resevwa diplòm avoka li nan Harvard Law School, kote li te rankontre Lacey. Li te viv nan Vil New York pandan plizyè ane kòm yon jèn avoka.

Nan Kongrè a, li te sèvi elektè li yo - bay soulajman pou fèm fanmi yo, ede ti biznis yo rekonstwi ak pwospere, kreye travay nan enèji pwòp, ogmante aksè ak wo debi epi sipòte veteran nou yo. Li te premye eli nan Kongrè a an 2018. Reprezantan Delgado se

Prezidan Sou-komite Agrikilti Chanm lan sou Echanj Machandiz, Enèji ak Kredi epi li sèvi nan Komite Ti Antrepriz ak Transpò ak Enfrastrikti Chanm lan.

Baze sou rekò li nan Kongrè a pou sekirize investisman istorik federal nan enfrastrikti, ansanm ak plis pase 10 milya dola nan sekou ekonomik dirèk, Gouvènè Adjwen Antonio Delgado pral sèvi kòm lyezon ant patnè lokal, eta ak federal pou defann priyorite ak inisyativ Gouvènè a yo.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)